

ÈSKE BENEFIS SNAP OU YO TE SISPANN AKÒZ EGZIJANS TRAVAY YO?



Men kijan ou ka kapab rekòmanse resevwa yo

ETAP
1

SOMÈT YON NOUVO DEMANN SNAP POU REKÒMANSE BENEFIS OU YO



Si w fè pati yon gwoup moun k ap viv nan menm kay epi kay la toujou ap resevwa SNAP, soumèt yon chanjman nan dosye a pou yo ajoute w ankò sou dosye SNAP kay la.



Si w te gen yon bon rezon ki te anpeche w respekte egzijans travay yo, oswa si w deja ap respekte yo, asire w mansyone sa pandan entèvyou w la epi soumèt nenpòt dokiman prèv sou **aplikasyon ACCESS HRA ou a.**

KISA "BON REZON" YE?"

Bon rezon vle di ou te gen yon rezon ki valab ki te anpeche ou respekte nouvo egzijans travay yo.

Men kèk egzanp:

- ✓ Entènè lopital oswa yon ijans medikal
- ✓ Yon pwoblèm sante fizik oswa mantal ki grav
- ✓ Pwoblèm transpò ki rive toudenkou
- ✓ Enstabilite nan lojman oswa sanzabri
- ✓ Lòt sitiyasyon HRA ap egzamine selon chak ka



ENPÒTAN: Pa sipoze **HRA** pral otomatikman revize dokiman ou telechaje nan yon dosye ki fèmen. **Ou dwe kontakte HRA dirèkteman epi mande pou yo revize dosye w.**

ETAP
2

KIJAN POU SOUMÈT PRÈV

Ou dwe pran inisyativ pou kontakte HRA lè w itilize YOUN nan de (2) fason sa yo:



PA TELEFÒN

Rele 718-SNAP-NOW
(718-762-7669)

Mande reprezantan an kontakte sant lokal ou a pou yo revize dokiman ou yo.



AN PÈSÒN

Pote kopi fizik prèv ou yo dirèkteman nan yon Sant Aksè Benefis HRA (HRA Benefits Access Center).



Si w pa t respekte egzijans yo pandan nenpòt twa (3) mwa, epi/oswa ou pa kapab bay prèv ou te respekte yo, ou dwe fè yon nouvo demann pou rekòmanse benefis ou yo. Ou ka kòmanse depi jodi a. Sepandan, ou p ap kalifye pou resevwa okenn benefis jiskaske ou fin montre ou respekte egzijans yo pandan 30 jou youn apre lòt.

KI SA K AP PASE APRÈ?

1

Aprè ou fè yon nouvo demann:

Respekte egzijans travay yo pandan 30 jou youn apre lòt.

2

Kenbe dokiman ki montre patisipasyon ou.

3

Kontakte HRA apre 30 jou epi mande yo pou yo travay sou dosye ou a.

ÈSKE W BEZWEN ÈD?

Èske w gen kesyon oswa bezwen èd pou itilize ACCESS HRA?

Rele 718-SNAP-NOW

718-762-7669

Pa tann. Pran aksyon jodi a pou pwoteje benefis ou.